



Kontwòl Moustik: Kesyon Moun Poze Souvan

Kisa kontwòl moustik ye, epi pou kisa li nesesè?

Kontwòl moustik se efò y ap fè pou pwoteje sante piblik la lè yo redui popilasyon moustik yo. Moustik yo kapab simaye viris Nil Oksidantal ak lòt maladi.

Kisa viris Nil Oksidantal ye?

Viris Nil Oksidantal se yon viris moustik yo simaye epi ki kapab afekte moun ak bèt. Moustik yo ka vin enfekte avèk viris la lè yo manje zwazo ki enfekte lè yo bwè san zwazo ki enfekte. Answit moustik ki enfekte yo simaye viris la ba moun ak lòt bèt.

Viris Nil Oksidantal la ka lakòz lafyè, maltèt, fatig ak kò fèmal. Anjeneral, moun yo refè poukont yo. Nan ka ki ra, viris la ka lakòz anflamasyon sèvo a ak mwal epinyè a.

Èske gen yon vaksen oswa tretman kont viris Nil Oksidantal?

Non. Pou kounye a, pa gen ni vaksen ni tretman pou viris Nil Oksidantal, men nan anpil ka, moun ka pran medikaman pou soulaje sentòm yo. Nan ka ki grav yo, pasyan yo ka bezwen entènè nan lopital pou resevwa tretman.

Si yon moustik mòde mwen, èske mwen ta dwe trete pou viris Nil Oksidantal?

Non, tout moustik yo pa pote viris Nil Oksidantal. Men, si yon moustik mòde ou epi si ou gen sentòm tankou lafyè, maltèt, kou rèd, konfizyon, feblès nan miskilati oswa sansiblite nan limyè, kontakte doktè ou.

Èske viris Nil Oksidantal kapab enfekte bèt kay mwen?

Bèt kay yo ka gen viris Nil Oksidantal lè moustik mòde yo, men anjeneral yo pa malad. Kontakte veterinè ou si ou gen enkyetid konsènan sante bèt kay ou. Pa gen prèv ki montre chen ak chat yo kapab transmèt viris Nil Oksidantal ba moun.

Kisa Minisipalite Vil la fè pou kontwole popilasyon moustik yo?

Kòd Sante Vil la egzije mèt kay yo pou yo elimine dlo-dòmi, kote moustik yo kale fasil, nan kay yo. Minisipalite Vil la teste moustik yo souvan pou detekte viris Nil Oksidantal epi yo detwi kote moustik ap kale kèlkeswa kote li posib. Kote yo pa kapab kanalize dlo dòmi an, Minisipalite Vil la itilize yon tretman ki rele lavisid k ap touye moustik yo anvan yo vin gen matirite epitou anvan yo simaye maladi. (Moustik ki poko gen matirite yo pou vin adilt rele *lav*.)

Èske Minisipalite Vil la flite pou kote ki chaje moustik?

Si siveyans moustik ak tèl montre gen yon menas pou sante moun, Minisipalite Vil la ka flite pestisid pou touye moustik adilt yo. Yo flite nan zòn ki gen gwo risk yo. Minisipalite Vil la swiv egzijans [Depatman Pwoteksyon Anviwònman Vil New York](#) (New York State Department of Environmental Conservation, NYSDEC) ak Federal [Ajans Federal pou Pwoteksyon Anviwònman](#) (Environmental Protection Agency, EPA) lè y ap flite epitou yo flite sèlman pou kontwòl moustik yo nan aswè oswa bonè nan maten. Minisipalite Vil la pa mande piblik la pou yo flite pou moustik yo.

Èske pestisid yo itilize a pandan y ap flite a nuizib pou moun oswa pou bèt kay yo?

Minisipalite Vil la flite avèk anpil prekosyon epi yo swiv tout egzijans leta ak federal. Pifò moun ak bèt kay yo pa gen konsekans sou sante yo pandan ak apre yo flite pestisid la. Kèk moun ki sansib nan engredyan yo flite a ka gen iritasyon nan zye oswa nan gòj, oswa yon gratèl pandan yon ti tan. Si ou gen reyaksyon ki pi fò apre yo flite, kontakte doktè ou.

Kijan y ap fè mwen konnen lè yo pral flite nan katye mwen?

Depatman Sante avèti piblik la pou fè yo konnen pral gen flite omwen 24 a 48 èdtan anvan evènman an. Yo fè medya lokal yo konnen sa, epitou yo distribye fèy enfòmasyon nan anpil lang ba òganizasyon kominotè yo, ofisyèl ki pase nan eleksyon, sant sante granmoun aje yo, bibliyotèk yo ak anpil òganizasyon vil la. Gade anba la a pou jwenn enfòmasyon sou fason pou enskri pou konnen enfòmasyon sou lè yo pral flite.

Kijan mwen kapab evite ekspozè nan pestisid yo pandan y ap flite a?

Kèlkeswa lè li posib, rete andedan pandan y ap flite. Retire nenpòt jwèt, ekipman ak rad nan zòn deyò a. Si nenpòt objè ekspozè nan pestisid yo, lave yo avèk savon ak dlo anvan ou itilize yo ankò. *Toujou* lave pwodui ou nèt avèk dlo anvan ou kwit li oswa anvan ou manje li.

Kisa mwen kapab fè pou pwoteje tèt mwen ak fanmi mwen pou moustik pa mòde nou epi kont viris Nil Oksidantal?

- Itilize pwodui anti-ensèk epi mete rad oswa pantalon long nan aswè pandan sezon moustik la (mwa jwen jiska septanm). Moustik yo pi aktif nan moman sa yo. Gade anba la a pou jwenn plis enfòmasyon sou pwodui anti-moustik yo.
- Vide dlo-dòmi ki nan resipyan tankou po flè, kanivo, kouvèti pisin, veso dlo bèt kay, kawotchou machin ou jete ak basen pou zwazo.
- Asire pisin ki nan lakou antreteni kòrèkteman, epitou asire ou mete klowòks ladan.
- Enstale oswa repare griy ki nan fenèt yo ak pòt yo.
- Rele 311 pou rapòte gwoup zwazo ki mouri. Yo ka se siy viris Nil Oksidantal ki nan zòn nan.

Kijan mwen ta dwe chwazi yon pwodui anti-ensèk?

Toujou li etikèt la avèk anpil atansyon. Chèche nimewo anrejistreman Ajans Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Agency, EPA) pwodui anti-ensèk la, engredyan aktif yo ak eksplikasyon pou itilize li.

Kèk nan engredyan aktif Ajans Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Agency, EPA) ak Eta New York apwouve yo se DEET ak picaridin. DEET se engredyan aktif ki pi komen epi ki pwouve li evite moustik mòde moun. Pwodui anti-moustik abaz DEET vini nan anpil kalite pousantaj, men nan Vil New York, ou pa bezwen yon pwodui anti-moustik ki gen plis pase 30% DEET. Ou **pa** ta dwe itilize pwodui anti-moustik ki gen pi plis pase 10% DEET sou timoun. Pwodui anti-moustik abaz picaridin ki varye ant 5 a 15% montre kantite tan pwoteksyon ki sanblab ak DEET. Kantite tan pwoteksyon an pa menm pou diferan moun epi li depannde faktè tankou espès moustik ki nan zòn na, kantite swè yon moun bay ak fason li fè cho deyò a.

Èske gen nenpòt pwodui ki pa chimik, pwodui natirèl oswa pwodui botanik ki efikas nan pouse moustik?

Kèk pwodui ki fèt avèk lwil botanik bay pwoteksyon pou moustik pa mòde moun. Men, etid yo sijere pwodui sa yo efikas pou peryòd tan ki pi kout.

Si vwazen mwen yo pa elimine dlo-dòmi ki nan lakou yo, èske mwen ta dwe rapòte pwoblèm nan ba Depatman Sante?

Sitwayen ak pwopriyete biznis yo ta dwe pran responsablite prensipal pou elimine dlo-dòmi ki nan pwopriyete yo. Si yo pa fè sa, ou ka fè plent pou dlo-dòmi sou [entènèt](#) oswa ou ka rele 311 pou sa. Gen plis enfòmasyon ki anba la a.

Kisa k ap pase apre mwen fè plent pou dlo-dòmi ba Minisipalite Vil la?

Depatman Sante ap enspekte pwopriyete yo pou dlo-dòmi. Si yon enspektè remake kondisyon ki atire moustik, l ap bay mèt pwopriyete a yon vyolasyon, k ap lakòz li gen amann jiska \$2,000 dola pou peye.

Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

- Pou jwenn plis enfòmasyon sou **kontwòl moustik** ak sou **viris Nil Oksidantal**, rele 311 oswa ale sou sitwèb nyc.gov/health/wnv.
- Pou anrejistre pou jwenn dènye enfòmasyon sou **lè y ap flite pou moustik**, enskri nan NotifyNYC, swiv Depatman Sante sou nan [@nycHealthy](#) oswa ale sou sitwèb nyc.gov/health/wnv.
- Pou jwenn plis enfòmasyon sou **pwodui anti-moustik**, ale sou sitwèb nyc.gov epi chèche “insect repellent.”
- Pou fè yon **plent pou dlo-dòmi**, ale sou sitwèb nyc.gov epi chèche “standing water” oswa rele 311.